



## Pwomès GREEN TEAM pou Limite Tan Motè Vire anplas

Nan saldeklas nou an, n ap aprann avantaj lè ki pwòp, ak sa nou ka fè pou amelyore kalite lè a. Youn nan jan ou ka fè lè a rete pwòp nan kominote ak nan zòn lekòl nou an, se etenn motè oto ou lè w ap tann pitit ou devan lekòl, oswa lè ou rete pou fè komisyon.

Tanpri, siyen ak voye tounen pwomès pi ba la a, pou fè pitit ou konnen, ansanm avèk lòt paran nan GREEN TEAM lekòl nou an, w ap fè efò pou amelyore kalite lè a, ak ede tout moun respire pi byen. Lè ou limite tan motè w ap vire anplas, ou pral:

- Pwoteje elèv yo, pèsonnèl lekòl la, ak chofè yo kont lafimen moflè ki pa bon pou yo
- Redwi polisyon nan lè a kap agrave bwouya ak rechofman global la
- Fè ekonnomi nan gaz w ap boule
- Ede motè oto a dire pi lontan
- Fè ekonnomi nan pri gaz ak reparasyon motè

Massachusetts Department of Environmental Protection (Depatman Pwoteksyon Anviwonman nan Massachusetts) voye mesaj sa a pou ou



koupe isit la



## PWOMÈS POU LIMITE TAN MOTÈ VIRE ANPLAS

Mwen, \_\_\_\_\_, siyen la a pou pwomèt pitit mwen, \_\_\_\_\_,  
*Non Paran/Responsab Legal* *Non Elèv la*

mwen pral AMELYORE AK PWOTEJE KALITE LÈ nan kominote nou an, kidonk m ap etenn motè oto mwen lè mwen estasyonnen oubyen m ap tann.

Moun ki Siyen an \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_  
*Siyati Paran/Responsab Legal*

Moun ki temwen an \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_  
*Siyati Elèv la*



Enprime sou papye konsomatè fin sévi epi ki resikle al 100%, avèk lank ki fèt avèk legim